

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis déskripsi data dina BAB IV bisa dicindekkeun yén tilikan nu patali jeung kecap pagawéan dina fiksimini basa Sunda téh diantarana:

- a. Kecap pagawéan anu kapangggih dina fiksimini basa Sunda téh jumlahna aya 1257 kecap kalayan frékuénsi makéna nyaéta aya 1871 kali. Kecap nu panglobana muncul nyaéta kecap *datang* jeung *maké*, frékuénsi makéna 15 kali (0,80 %). Ari kecap nu pangsaeutikna muncul kalawan frékuénsi makéna ngan sakali (0,05%) aya 947 kecap.
- b. Wanda kecap pagawéan téh kabagi jadi dua, nyaéta kecap pagawéan dinamis nu ngawengku 5 rupa, KP kalakuan (*aktivitas*) (81,72%), KP prosés (4,06%), KP miraga (*sénsasi awak*) (0,80%), KP mutatif (*peristiwa transisional*) (7,21%), jeung KP salumar (*moméntan*) (2,45%). Salian ti éta aya ogé wanda kecap pagawéan statis, anu ngawengku KP miindra (2,56%) jeung KP tatalian (*rélasional*) (0,80%).
- c. Tina salah sahiji wanda kecap pagawéan dinamis, nyaéta kecap pagawéan kalakuan (*asktivitas*) miboga subwanda deui. Éta subwanda téh diwincik jadi opat rupa, nyaéta KP migawé (aktif) (61,94%), KP dipigawé (*pasif*) (19,29%), KP migawé manéh (*répléksif*) (0,26%), jeung KP silihbales (*résiprokal*) (0,21%).
- d. Wangun kecap pagawéan anu dianalisis téh kabagi jadi opat wangun, di antarana nyaéta KP wangun salancar (22,98%), KP wangun rundayan (68,57%), KP wangun rajékan (7,00%), jeung KP wangun kantétan (1,22%).
- e. Tina salah sahiji wangun, nyaéta KP wangun rundayan, dipasing-pasing deui jadi 14 di antarana nu diwuwuhan ku rarangkén *ba-* (0,00%), *di-* (8,33%), *ka-* (3,42%), *N-* (30,14%), *pa-* (0,80%), *si-* (0,00%), *ti-* (0,21%), *ting-* (0,26%), *-ar-* (0,32%), *-um* (0,53%), *-an* (0,48%), *-keun* (0,69%), jeung wangun

rarangkén ganda (22,60 %). Tina analisis data kapanggih aya tilu rarangkén anu teu henteu dipaké, nyaéta rarangkén *ba-*, *si-*, jeung *-in*.

- f. Kecap pagawéan wangun rajékan ogé dipasing-pasing deui jadi opat rupa, nyaéta *Dwimurni* (0,16%), *Dwiréka* (1,06%), *Dwipurwa* (1,06%), jeung kecap pagawéan dirarangkénan (4,59%) anu dipasing-pasing deui kana dalapan wangun, diantarana nyaéta wangun *di-R* (0,53%), *di-R-keun* (0,16%), *ka-R* (0,00%), *N-R* (1,44%), *N-R-keun* (0,21%), *pa-R* (0,26%), *ti-R* (0,00%), jeung *R-an* (1,97%). Tina analisis data kapanggih aya tilu rarangkén anu teu henteu dipaké, nyaétawangun *ka-R* jeung *ti-R*.
- g. Tina hasil analisis kapanggih aya kecap pagawéan anu geus dipaké sacara konvénisional ku masarakat tapi acan aya dina kamus. Misalna kecap *nga-invite* jeung *nga-BBM*. Kecap *nga-invite* bisa kénéh diganti ku kecap séjén nyaéta maké kecap *ngulem* atawa *ngondang* tapi bédha halna jeung kecap *nga-BBM* anu hartina ngirimkeun *BBM* (*BlackBerry Messenger*).

## 5.2 Saran

Dumasar kana kacindekan di luhur, aya sababaraha saran anu perlu ditepikeun, di antarana:

- 1) Ieu panalungtikan téh maluruh ngeunaan kecap pagawéan dina fiksmini basa Sunda. Ku sabab fiksmini téh can loba nu nalungtik, ku kituna dipiharep aya deui nu nalungtik ngeunaan unsur lianna nu aya dina fiksmini basa Sunda.
- 2) Ieu panalungtikan téh kakara medar ngeunaan kecap pagawéan dina fiksmini basa Sunda, pikeun kamekaran basa dipiharep aya deui nu nalungtik kecap pagawéan tina aspék nu leuwih heureut tur leuwih jero deui, misalna maluruh kasalahana, hartina, jrrd.
- 3) Perlu aya panalungtikan kecap pagawéan nu tumuluy sangkan kapaluruh deui kecap-kecap anyar nu muncul nu luyu jeung jaman.